



AKSEPTASYON,
REKONSILYASYON
AK GERIZON
NASYONAL AYISYEN

GERI NASYON AYISYEN AN

Plan dakasyon politik pou yon akseptasyon, rekonsilyasyon ak rekonstriksyon nasyonal.

Deklarasyon Tèt Ansanm Sosyete Sivil la - Vizyon 2033 : Gerizon ak Rekonstriksyon

Dat piblikasyon : 21 novanm 2025

REZIME EGZEKITIF

Nan yon moman kote dekourajman sanble pi fò pase lespwa, plis pase 350 Ayisyèn, Ayisyen ak zanmi Ayiti – ki soti anndan peyi a kou nan dyaspora a – reyini anba chapo Fowòm Ekonomik Entènasyonal Nwa yo (FEEN) ak patnè li yo pou reponn yon kesyon fondal natal sa : **Kisa sa ap mande pou n rive geri nasyon ayisyen an ?**

Rankont-dyalòg sou Akseptasyon, Rekonsilyasyon ak Gerizon Nasyonal la te pèmèt yon echanj sensè ki te fèt ant atis, lidè relijye, jèn, inivèsitè, militan, antreprenè, peyizan, fanm, manm dyaspora a ak aktè kominotè yo. Konsta a te klè pou tout moun : kriz ayisyen an se pa yon kriz politik sèlman, li se yon kriz espirityèl, sosyal, idantite, sikolojik ak moral tou. Tisi sosyal la frajilize, konfyans lan kase, epi enstitisyon yo sou bò pou yo efondre.

Men te gen yon lòt verite kite pi fò ke konsta sa yo : Wi Ayiti kapab geri, men li dwe fèt nan fason pa nou, ki pran rasin nan kilti nou epi ki chita sou twa poto mitan ki makònen youn ak lòt :

Akseptasyon : Ann gade blese nou yo, idantite nou ak verite nou yo nan je.

Rekonsilyasyon : Remete konfyans, retabli jistis ak geri relasyon yo.

Gerizon : Repare twal sosyal la ki kase, trete chòk yo epi rebati nasyon an.

Plan daksyon sa a pwopoze yon demach kolektif, ki rasanble tout moun epi ki gramoun tèt li pou nou atenn Vizyon 2033 : dizan pou yon gerizon nasyonal ak gwo rekonstriksyon. Li chita sou senk (5) gwo rekòmandasyon :

1. Fòme yon Kowalisyon Nasyonal ak yon Konsèy nasyonal pou Rekonsilyasyon ak Gerizon
2. Lanse yon gwo mouvman nasyonal sou Akseptasyon, epi fè konbit kominotè nan chak kwen peyi a.
3. Fè laverite ak lajistis blayi atravè yon Komisyon Verite ak Jistis, plis yon Fon Memwa ak Gerizon.
4. Envesti nan lavni : lajenès, fanm ak ekono-mi solidè dwe twa wòch dife pwogrè sa.
5. Makònen refondasyon peyi a ak gwo refòm kle kise : souverènte, desantralizasyon, patisipasyon dyaspora a ak yon politik kiltirèl nasyonal.

Kontèks : Ayiti rive nan yon gwo Kafou

« Nou pa janm pran tan pou n poze... pou n geri. N ap mache depi plis pase 200 lane ak blesi k ap senyen toujou. » — Kerlande Mibel

Depi plis pase de syèk, Ayiti ap avanse ak blese ki pa janm jwenn gerizon : rasin esklavaj la, asasinay Papa nasyon an, eritaj rasis sistèm esklavaj la, diktati, enpinite, echèk politik vire tounen, presyon ak izolman entènasyonal, divizyon politik ki pa janm fini. **Rankont-dyalòg ki te fèt 22 avril 2023 te revele yon lòt gwo verite : pa ka gen devlopman san yon gerizon nanm (tisi) sosyal ayisyen an.**

Kriz nap viv jodia : vyolans ak zam ki bay enseki-rite, enstitisyon ki tonbe, lamizè rèd, dezespwa, fòse moun pati kite peyi a ak yon peyi koupe an de akòz rasin pwoblèm nan — se sentòm yo. Pwoblèm nan pi grav : yon chòk kolektif nou pa janm trete.

Men fòs nou toujou la :

- Lespri konbit kòm filozofi poun aji
- Diyite ak rezilyans fanm yo kise wozo : Yo panche men yo pap kase

- Kreyativite jèn yo
- Richès esprityèl ak divèsite kiltirèl nou
- Dyaspora kòm yon gwo fòs estratejik ki toujou kenbe
- Sakrifis chak moun ki refize abandone peyi a

Vizyon 2033 pwopoze pou nou mete tout fòs sa yo ansanm pou geri nasyon an yon bòn fwa pou tout.

DYAGNOSTIK : BLESÌ NOU, FÒS NOU

« *Nou pa ka pale de gerizon san n pa bay maladi a non.* » – **Ginette Chérubin**


REPONS NOU	MALADI POU N TRETE	MANIFESTASYON KONKRÈ
Akseptasyon	Rejè	Koulè po(prejije koulè), mepri pou lang kreyòl, mepri pou vodou, mete peyizan deyò, kache epizòd douloure nan listwa nou (Diktati Duvalier, PetroCaribe).
Rekonsilyasyon	Konfli	Divizyon Nwa / Milat, Leta / Nasyon, mefians tout kote, memwa ki pa janm dakò, vyolans gang.
Gerizon	Maladi (gwo mal)	Blesi mantal ki pase de jenerasyon an jenerasyon, pèp la ki fatigue, sosyete a ki fann an miyèt moso, enstitisyon ki malad.

FÒS NOU

Malgre blesi sa yo, Ayiti posede bon jan avantaj pou soutni gerizon nasyonal lan :

- Istwa yon pèp ki toujou leve kanpe
- Talan estraòdinè nan mizik, dans ak atizay
- Dyaspora ki toujou soutni peyi a
- Majorite popilasyon an se jèn ki vle avanse
- Tèt ansanm natirèl nou : konbit

« *Lè w chifonnen yon biyè 100 dola, li pa pèdi valè l poutèt sa.* » Ayiti, malgre tout eprèv li yo, pa janm pèdi valè li.
Kerlande Mibel



TWA POTO KI KENBE TOUT VIZYON AN :

Akseptasyon

Akseptasyon se premye etap la. Li mande pou n gade verite nou yo, idantite nou, doulè nou ak responsablite nou anfas san nou pa kache anyen. Sa mande pou n rekonèt plizyè fas Ayiti genyen, pou n bay lang nou, tradisyon nou, esprityalite nou ak memwa nou valè, bagay nou te kache twò lontan. Aksepte, se soti nan rejè pou n afwonte paj listwa nou te kache yo : soti nan prejije koulè po pou rive nan mepri lang kreyòl la, soti nan mepri pou Vodou pou rive nan esklizyon mas peyizan nou yo..

Rekonsilyasyon

Rekonsilyasyon se yon pwosesis ki mande anpil pasyans, tout moun dwe ladanl epi ki gen plizyè dimansyon. Jan Etzer Émile te souliye l : li dwe lajman laj (tout moun ladanl soti nan peyizan rive nan dyaspora), long (pran plizyè deseni) ak pwofon (touche dimansyon moral, politik, ekonomik ak sikolojik). Li mande lajistis ki kredib, yon verite istorik nou asime, yon dyalòg ant jenerasyon, yon memwa nou pataje, fini ak enpinite epi rebati konfyans ant moun.

Gerizon

Gerizon se maryaj ant lajistis, konpasyon ak aksyon mete men. Li pase pa sante mantal kominotè, edikasyon sivik, retabli diyite atravè atizay ak kilti, epi yon nouvo santiman ke nou tout se pitit peyi a. Li rekonèt ke Nou se yon pèp ki blese, men tou yon pèp ki pa janm mouri. Gerizon an dwe rekonèt tradisyon esprityèl nou yo tou, tankou Vodou, epi apiye sou festival ak rityèl piblik ki ranfòse tèt ansanm ak memwa kolektif la.

VIZYON 2033 : YON CHIMEN KI SOTI ANNDAN VANT NASYON AN

« *Konbit la te ban nou 1804. Se ak konbit n ap bati 2033.* » — **Louino Robillard**

Vizyon 2033 chita sou yon lojik ki klè : Si nou aksepte youn lòt nou ka rekonsilye epi nou ka geri. Li baze sou yon pwosesis lajman laj, ki long epi ki pwofon, san tabou ak san enpinite. Se yon vizyon ki mete kilti ayisyen nan sant travay la : lang kreyòl, vodou, rara, memwa kolektif, listwa, laverite ak lajistis potomitan yon lapè ki dire.

Li rekonèt tou : Tranzisyon enèjetik (kouran/gaz), rebwazman ak bay lavi nan zòn andeyò yo se garanti tout bon pou avni nou pandan nap mache men nan men poun rekonstri manman nansyon an.

Vizyon 2033, se yon sosyete ayisyen ki :

- Aksepte verite li
- Respekte divèsite li
- Rekoud tisi sosyal li
- Fè lapè ak memwa li
- Onore viktim yo
- Retabli konfyans ant moun, ant kominote, ant jenerasyon, ant Leta ak popilasyon

GWO SIJÈ RANKONT BRASE LIDE SA TE IDANTIFYE :

- Komès esklav
- Konbit
- Lajistis tranzisyonèl
- Konfyans
- Kilti
- Jenès
- Fanm
- Anviwònman
- Chòk mantal
- Diskriminasyon rasyal
- Vodou ak legliz
- Ekonomi ak kreyasyon richès

REKÒMANDASYON POU AKSYON : SENK GWO DIREKSYON POU REBATI AYITI

1- Fòmè yon Kowalisyon Nasyonal ak yon Konsèy pou Rekonsilyasyon ak Gerizon

Premye bagay ki ijan se retabli konfyans nan peyi a. Sa mande yon dyalòg ki onèt, san aparans, kote tout moun alawonn badè jwenn plas yo : grannèg kou malere, moun andeyò kou moun lavil, sosyete sivil, dyaspora, fanm, jèn, vodwizan, sektè relijye. Kowalisyon sa a se baz tout travay la : se li ki dwe rale moun yo vin chita ansanm pou brase lide, pou konprann, pou ajì ansanm.

Aksyon pwopoze :

- Kreye ti sèk diskisyon nan chak komin.
- Bati konsyans kolektif epi mete kreyòl la solid nan espas piblik.
- Fè konbit lokal pou pwojè konkrè.
- Fè jèn ak granmoun chita pale sou memwa yo ak leson yo.

Pou gide aksyon yo :

« *Premye pa a se pran konsyans.* » - **Bonivert Claude**

« *Se sèlman lè n ap fè konbit nou santi nou youn.* » - **Gladimy Jean**

2. Lanse yon gwo mouvman nasyonal sou Akseptasyon, epi fè konbit kominotè nan kat kwen peyi a.

Se yon kanpay pou mete pèp la an mouvman : pale, tandè, reflechi, ajì. Men se nan chak konbit lokal, nan chak komin, lavi nouvo sa a ap pran rasin.

Aksyon pwopoze :

Fè chak konbit tounen yon espas dyalòg ak chanjman.

Mete idantite ayisyèn nan an valè.

Ranfòse inite sosyal la ak pwojè ki gen enpak dirèk.

Pou gide aksyon an :

« *Nou pa soti Lafrik ak menm kilti, e nou pa oblije genyen menm kilti a. Sa ki pi enpòtan se jwenn fason pou tout melanj sa yo mache ansanm* » -

Louis-Henri Mars

3. Fè laverite ak lajistis blayi atravè yon Komisyon Verite ak Jistis, plis yon Fon Memwa ak Gerizon.

Pa gen rekonsilyasyon si pa gen verite. Pa gen lapè si pa gen jistis. Enpinite ak tout trayizon politik yo te kraze konfyans pèp la. Se moman pou mete mekanis serye ki ka rakonte sa ki rive, nonmen moun ki viktim, chèche responsablite, epi mete limit ak sa ki mal.

Aksyon pwopoze :

- Mete sou pye yon Komisyon Verite, Jistis ak Memwa ki endepandan e kredib ;
- Mennen bon jan ankèt serye sou masak yo, koripsyon ak abi dwa moun ;
- Kreye yon Fon Memwa ak Gerizon pou reparasyon viktim yo,
- Sante mantal ak inisyativ lokal pou reparasyon senbolik.
- **Vizyon pou yon tan ki pi long :** Kreye yon Mize Nasyonal Memwa, pou istwa a klè, pou jenerasyon k ap vini yo konprann, e pou gwo blesi kolektif yo pa janm repete.

Pou gide aksyon yo :

« Pa ka gen rekonsilyasyon san jistis. Fòk verite a di, responsablite yo klè epi rekonèt viktim yo. » - Véline Charlier

4. Envesti nan lavni : lajenès, fanm ak ekonomi solidè se twa wòch dife pwogrè.

Ayiti ap souffri akòz inegalite ak manke opòtinite. Si nou vle kraze sèk mizè sa ak depandans lan, fòk nou fè investisman ki vize jèn yo, fanm yo, epi yon ekonomi solidè ki mete moun ansanm olye pou l divize yo.

Aksyon pwopoze :

- Kreye yon Fon Nasyonal pou Fanm ak Jèn.
- Soutni koperativ, konbit ekonomik, ak ti antrepriz kominotè.
- Pèmèt dyaspora a envesti nan yon kad ki klè, sekirize ak transparans.
- Fasilite aksè ak tè, kredi, teknoloji, ak fòmasyon.
- Fòme yon Konsèy Dyaspora & Jènès, pou lyen solid ak jenerasyon k ap vini yo.

Pou gide aksyon an :

« Chak jou... se fanm yo k ap bouyi mamit nasyonal la. » - Gabrielle Georges Paul

« Se jèn ki te fonde Leta ayisyen an. Pwochèn transfòmasyon an ap fèt pa jèn yo tou. » - Stanley Augustin

5. Makònen refondasyon peyi a ak gwo refòm kle kise : souverènte, desantralizasyon, patisipasyon dyaspora a ak yon politik kiltirèl nasyonal.

Okenn transfòmasyon dirab pa posib san enstitisyon solid. Ayiti dwe rebati yon Leta ki kapab sèvi popilasyon an, rann jistis san fòs kote ak garanti sekirite.

Refòm «enpòtan» :

- Desantralizasyon ki vrèman fèt, pa sou papye.
- Dwa vote pou dyaspora a. Edikasyon ak fòmasyon dijital pou tout moun.
- Yon gwo politik kiltirèl nasyonal pou fè kreyòl la tounen yon lang ki gen tout valè l pou anseye listwa Ayiti san kache, soutni atis ak kreyatè yo.

Vizyon global la :

Kilti ak idantite nou se kle ki ka rasanble nou. Enstitisyon solid se motè souverènte nou.

PLAN ETAP YO :

- **Nan yon tan ki kout (2025-2027) :** mete baz yo, kreye Kowalisyon an, lanse kanpay «AKSEPTASYON», mete Komisyon Verite a sou pye.
- **Nan yon tan ki pa twò long (2028-2030) :** fè ekonomi solidè a vin yon reyalite, mete fanm ak jèn nan sant devlopman, ranfòse kilti a, avanse refòm enstitisyonèl yo.
- **Nan yon tan ki long (2031-2033) :** fè bon jan refòm Leta, louvri Mize Nasyonal Memwa a, etabli yon jistis tranzisyonèl ki konplè.

Konklizyon : Lè pou Konbit Nasyonal la Rive

« Si zansèt nou yo te reve libète tout pandan yo te nan chenn, nou menm nou ka reve lapè ak pwosperite avèk lespwa. » — **Yon Patisipan**

Plan daktyon sa a se pa yon pwogram gouvènman. Se yon pak sivik. Li mande yon Konbit Nasyonal, yon mobilizasyon kolektif ki pran rasin nan kilti ayisyen an epi kote chak grenn ayisyen gen yon wòl pou jwe. Nou se yon gran pèp ki pa janm lage. Ann mete ansanm pou geri nasyon an.

**Vwayaj mil kilomèt la
toujou kòmanse ak yon premye pa.**

Inisye e prezante pa



**Forum
Économique
International
des Noirs**

**International
Black
Economic
Forum**

Ini ak



Konbit pou Lapè ak
Rekonsilyasyon (AkLR)



Konfederasyon nasyonal
vodouyizan ayisyen

